



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 50 MILYON DOLA KI DISPONIB POU KONTE  
YO POU EDE KONBAT KRIZ LOJMAN**

***Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo pral bay finansman pou sipòte  
pwojè enfrastrikti konte yo dirije ki ankouraje kwasans lojman, amenajman tèritwa  
ak touris***

***Li baze sou angajman Gouvènè Hochul pou fè fas ak kriz lojman ki prevwa yon  
envestisman 600 milyon dola pou sipòte lojman nan tout Eta a nan Bidjè Ane  
Fiskal 2025***

***Prim enpòtan pou pwojè ki kreye lojman, aplikasyon ak enfòmasyon yo disponib  
[isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte (County Infrastructure Grant Program) a, ki pral bay jiska 50 milyon dola pou ede konte yo konbat kriz lojman an lè yo finanse pwojè enfrastrikti piti ak mwayen konte yo ap dirije atravè eta a, ak prim ki enpòtan pou pwojè ki sipòte kreyasyon pwojè lojman dis inite oswa plis. Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo, ki se yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2025 Gouvènè a ki te ajoute plis pase 600 milyon dola nan Finansman Envestisman pou sipòte lojman nan tout eta a, se youn nan anpil zouti ki disponib pou ogmante rezèv lojman, ankouraje sa ki abòdab, epi sipòte lokatè ak pwopriyetè kay yo. Pwogram nan, ki disponib pou konte yo ki andeyò Vil Nouyòk, mete aksan sou pwojè envestisman ki priyorite ki sipòte kreyasyon lojman, kontribiye nan amenajman tèritwa, epi ankouraje plis vizit ak touris.

"Kreye plis lojman bon jan kalite ak abòdab nan tout eta a ap kontinye youn nan pi gwo priyorite mwen, pou fè Nouyòk vin pi abòdab ak pi fasil pou viv," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo ofri yon plan aksyon pou kreye kominote k ap pwospere lè li enkòpore lojman adisyonèl nan kad plan pwojè enfrastrikti a. Sa vle di plis Nouyòkè ka viv kote yo vle, epi sa pral ankouraje plis biznis etabli yo epi devlope nan Nouyòk paske gen ase lojman."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Ogmante pak imobilye eta a se yon pilye nan administrasyon Gouvènè Hochul la, epi li se yon poto mitan pou kwasans ekonomik

dirab. Atravè Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo, nou pral kontribiye nan fè plis lojman vin yon reyalye, epi ranfòse yon santiman apatenans ak dinamik nan kominote yo ki pral atire plis travay, rezidan ak vizitè."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la (New York State Homes and Community Renewal), RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo se yon lòt investisman enpòtan Eta a ap fè pou sipòte pwojè ki santre sou lojman ki pral non sèlman ranfòse rezèv kay abòdab, men tou, ki pral ankouraje touris ak kwasans ekonomik, epi kreye katye ak anba lavil ki dinamik. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou atansyon kontinyèl li nan rezoud kriz lojman an epi nou kontan travay ak patnè nou yo nan konte yo atravè eta a pandan plis pwojè lojman ap fè aparisyon".

Enfrastrikti modèn yo gen yon enpak dirèk sou vitalite ekonomik Eta Nouyòk epi bay sipò pou pwojè enfrastrikti ki piti enpòtan pou eta a rete konpetitif ak jenere kwasans ekonomik kontinyèl. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, yo te etabli Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti nan Konte yo pou transfòme enfrastrikti Nouyòk pou satisfè bezwen Nouyòkè yo.

Pwogram nan, Empire State Development administre, pral ede konte yo fè fas ak depans enfrastrikti lè li mete aksan sou lojman. Gen sibvansyon jiska 500,000 dola ki disponib pou sipòte pwojè priyorite ki piti ak modere konte a idantifye, ki sipòte devlopman ekonomik, kontribiye nan amenajman tèritwa oswa ankouraje touris. Gen sibvansyon enpòtan jiska 1 milyon dola ki disponib pou pwojè ki sipòte kreyasyon lojman ak dis inite oswa plis.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, ki gen ladan fason pou aplike, klike [isit la](#). Yo pral aksepte aplikasyon yo an pèmanans atravè pòtal Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) ki disponib [isit la](#).

**Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare**, "Mwen te fyè pou m rejwenn Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan kò lejislatif la nan sipòte inisyativ ki ankouraje kwasans ak aksesibilite lojman atravè Eta Nouyòk, epi nou konnen yon bon finansman nan enfrastrikti se yon pati enpòtan nan efò nou yo pou kreye plis lojman. Sibvansyon sa yo pral pèmèt ede rezidan ki gen revni fèb ak modere rete pwopriyete kay yo, fè reparasyon ki nesèsè yo, epi kreye katye ki dinamik. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak Empire State Development paske yo te bay Nouyòkè yo èd enpòtan sa a, epi mwen kontan kontinye travay ak kòlèg nou yo nan tout nivo gouvènman an, ak kominote yo atravè eta a, pou jwenn yon seri solisyon konplè pou kriz lojman abòdab."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare**, "Bati plis lojman pral fè ekonomi Nouyòk la pwogrese nan tout rejyon eta nou an. Mwen te fyè pou m sipòte dènye bidjè eta nou an ki prevwa envestisman kle pou ranfòse rezèv lojman epi bay plis lojman abòdab bon jan kalite kominote nou yo bezwen. Pwogram sa a se youn nan plizyè fason estratejik n ap travay ak gouvènman lokal yo pou aji an favè lojman, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay kesyon enpòtan sa a priyorite".

**Prezidan Asosyasyon Konte Eta Nouyòk (New York State Association of Counties, NYSAC), Benjamin Boykin, te deklare,** "Lidè konte yo eksprime rekonesans yo bay Gouvènè Hochul ak lejislati eta a paske yo te etabli nouvo pwogram sibvansyon enfrastrikti espesifik pou konte yo. Inisyativ sa a, ki ofri jiska 1 milyon dola pou pwojè ki enplike devlopman dis inite lojman oswa plis, reprezante yon avansman enpòtan nan patenarya ki ankou ant eta a ak konte nou yo. Nou bezwen plis lojman nan Eta Nouyòk, epi sa pèmèt nou fè fas ak bezwen enfrastrikti enpòtan yo ak sipòte yo pandan n ap ankouraje kwasans lojman an, pandan n ap amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo".

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, ak yon soulajman nan kèk restriksyon Eta a enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon investisman 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola finansman pou sipòte yon varyete pwojè lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay yo.

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te anonse yon plan lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Nan mwa out, Gouvènè Hochul te anonse [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an \(Pro-Housing Communities Program\)](#). Sètifikasyon Kominote An Favè Lojman an se yon egzijans pou lokalite yo jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl Eta a. Nan jou sa a, plis pase 200 kominote te sètifye, enkli Vil Nouyòk.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)